


NaMutungamiri
Thomas S. Monson



Mira seChiedza

Ndakava nemukana wekuva pamhemberero dzakawanda dzemitambo yezvemarudzi akasiyana dzakaitwa pamwechete nekukumikidzwa kwe-matememberi. Ndakadzida dzose, kusanganisira yakaitwa nguva ichangopfuura iyo yandakavapairi muPhoenix, Arizona, USA, munaMbudzi akapfuura.

Vechidiki veVatendi vaMazuva Ekupedzisira vakatora chinhano mumhemberero yezvemarudzi akasiyana vakaita zvirongwa zvinoshamisa zvisingakanganyikwe. Gore rakapera muPhoenix, chunguva chipfupi mhemberero isati yaitwa, ndakaudza vaitora chinhano kuti, “Muri vana vechiedza.”

Ndinoda kuti vechidiki vese veChechi vazive kuti vana vechiedza. Nokudaro, vane basa rekuva “sezviedza panyika” (VaFiripi 2:15). Vane basa rekugovera zvokwadi zvevhangeri. Vane daidzo yekumiririra chinangwa chetememberi, vachigovera chiedza chevhangeri kunyika irikuramba ichinyanya kuva murima. Vane basa rekuchengeta chiedza chavo chichipfuta uye chichibvira zvakajekesa.

Kuitira kuti isu tive “muenzaniso wevanotenda” (1 Timotio 4:12), isu pachedu tinofanira kutenda. Tinofanira kukudziridza rutendo runodikanwa kuti tiraramewe pamweya uye tigopa chiedza kune vamwe. Tinofanira kuriritira uchapupu hwedu kusvikira hwava tsigiro inokosha kuupenyu hwedu.

Pakati penzira dzinoshanda zvikuru dzekuwana nekuchengeta rutendo rwatinoda nhasi ndedzekuverenga

nekunzvera magwaro matsvene uye kunamata nguva dzose nemazuva ose. Kune vechidiki veChechi, ndinoti, kana musati maita izvozvo, kudziridzai iyezvino tsika yekunzvera magwaro matsvene nekunamata zuva rega rega. Kana musina tsika mbiri dzakakosha idzi, kurudziro dzisiri dzevhangeri nezvokwadi zvakaoma dzimwe nguva zveupenyu zvinokwanisa kuderredza kujeka kwechiedza chenye kana kunyange kuchidzima.

Makore ehumhandara nehuja haasi nyore. Ndiwo makore anokosha apo Satani paanokuedzai uye nekuita zvose zvaanokwanisa kukukwezvai kubva munzira inozokutungamirirai kudzokera kumusha wenyu wekudenga, Asi apo pamunoverenga nekunamata uye apo pamunoshandira nekuteerera, munozovika pakuziva zvirinani “chiedza chinopenya murima” (D&Z 6:21), Muenzaniso wedu nesimba redu—kunyange Ishe Jesu Kristu. Ndiye Chiedza chatinofanira kusimudza kuti tibvise rima ririkuu-ngana (ona 3 Nifai 18:24).

Neuchapupu hwakasimba hweMuponesi nevhangeri Rake rakadzorerwa, mune mikana isingagumi yekupenya. Inokukomberedzai zuva rega rega, mumamiriro ezvinhu api zvawo amunozviwana muri. Apo pamunotevera muenzaniso weMuponesi, munozova nemukana wekuva chiedza, neimwe nzira, muupenyu hweavo vakakukomberedzai—kunyange vari nhengo dzemhuri dzenyu pachenyu, vamunodzidza navo mukirasi, vamunoshanda navo, vamunongozivana navo, kana vamusungazive zvachose.

Apo pamunenge muri chiedza kunyika, vanhu vakakomberedzai vanozonzwa mweya wakakosha unozovaita kuti vade kufambidzana nemi uye nokutevera muenzaniso wenyu.

Ndinokumbirisa vabereki nevatungamiri vevechidiki vedu kuti vavabatsire kurwira neushingi chokwadi neururami. Vabatsirei kuwedzera ruzivo rwavo rwekudzidza, rwekunzwisisa, uye rwekushandira muumambo hwaMwari. Vakai mavari simba rekudzivirira zviedzo zvenyika. Vapei chido chekufamba muhunhu hwakanaka nerutendo, kuti vave vanonamata, uye kuti vatarise kudenga setsigiro yavo inokosha yenguva dzose.

Kune vechidiki vedu, ndinoti, Baba vedu Vekudenga vanokudai. Ndinovimba munonzwawo rudo urwo vatungamiri veChechi rwavainarwo kwamuri. Ndinovimba munozogara muine chido chekushandira Baba venyu Vekudenga neMwanakomana Wavo. Uye ndinovimba munozofamba nguva dzose muchokwadi nekumira sechiedza pakati pevana vaMwari.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Funga kukurukura neavo vamunodzidzisa zvazvinoreva kuva “[mwana] wechiedza.” Zvinounza basa rakadii? Unokwanisa kukurukura nguva apo chiedza chavo pachakanyanya kujeka uye kuti chii chakaita kuti chijeke. Funga kuvakumbira kuti vafunge zita remumwe munhu, akaita sewechidiki, wavanoshanda naye, kana nhengo yemhuri yavo, angange achida chiedza. Zvino munokwanisa kunamata pamwechete pamusoro penzira yekugovera chiedza nemunhu iyeyo.

VECHIDIKI

Shongwe yeChiedza

Mutungamiri Monson vanodzidzisa kuti vechidiki veChechi, “vane daidzo yekumira seshongwe

yetemberi, vachiratidza chiedza chevhangeri kunyika irikuramba ichinyanya kuva murima.” Vanopa nzira shoma dzaunokwanisa kuita izvi:

Govera vhangeri

Tenda

Kudziridza rutendo

Iva chiedza kune vamwe

Riritira uchapupu hwako kusvikira hwaita tsigiro inokosha kuupenyu hwako

Verenga nekunzvera magwaro matsvene

Namata nguva dzose uye mazuva ose

Shandira

Teerera

Funga kuzviyera pamwero unobva pana poshi kusvika pana shanu mune chimwe nechimwe chezvinhano izvi. Pazvinhano zvinowana mwero wakaderera, unokwanisa kunzvera misoro yenyaya iyi mumagwaro matsvene kana kuzvitsvaga pa LDS.org. Mushure mekunge wanzvera misoro yenyaya iyi, unokwanisa kufunga nzira dzaungakwanisa kusimbisa zvinhano izvi uye womisa zvinangwa zvekuita izvozvo.

VANA

Penyesa Chiedza Chako

Semwana waMwari, uri mwana wechiedza. Unokwanisa kuwana chiedza chakawedzera nekutevera Muponesi wedu, Jesu Kristu. Jesu Kristu naBaba Vekudenga vanokuda uye vanoda kuti upenyere vamwe uye uvatungamirire kuna Kristu. Unokwanisa kupenya nekungova iwe apo paunotevera mirairo, zvakaita sekunamata nekuverenga magwaro matsvene. Tara nyenyedzi pachidimbu chebepa uye wonyora pasi padzo pfungwa dzemapenyero aungaita kune vamwe semuenzaniso waJesu Kristu (semuenzaniso, “kuenda kuchechi,” “kubatsira mhuri yangu”).



Hunhu hweUmwari hwaJesu Kristu: Kupfava neKuninipa

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa upenyu nebasa reMuponesi zvinowedzera sei rutendo rwako maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku www.reliefsociety.lds.org.

Ichi chikamu chezvinyorwa zvinotevedzana zveMashoko eDzidziso yeKushanyirana zvinoratidza tsika dzeumwari dzeMuponesi.

Jesu akati, “Uyo mukuru kwamuri, ngaave somuduku; nomutunga-miri, seuyo unoshandira. Nokuti ndiyaniyo mukuru, ugere pakudya, kana unomushandira? haazi iye agere pakudya here? asi ini ndiri pakati penyou unoshandira” (Ruka 22:26–27).

“Muponesi ndiye muenzaniso wedu mukuru-kuru wesimba rekuninipa nekuzvideredza. Pamusoro pezvose, kuisa pasi Kwake chido Chake kuna Baba kwakaunza chiitiko chikuru-kuru, uye kunyange chakasimbisira, munhorooondo yose. Zvichida mamwe emazwi anoeresesa mumagwaro matsvene ese ndeekungoti, ‘Asi kuda kwangu kurege kuitwa, asi kwenyu.’” (Ruka 22:42).¹

Semudzidzi waJesu Kristu, tinotsvaga nguva dzose kuti tive saIye. “Kupfava kwakakosha kwatiri kuitira kuti tigonyanya kuva saKristu,” vakadaro Gosa Ulisses Soares veMakumi Manomwe. “Tisinako hatizokwanisa kukudziridza humwe

hunu hwakanaka hunokosha. Kupfava hazvireve utera, asi zvinoreva kuzvibata nerunako netsisti, uchiratidza simba, kudzikama, kukodzera kwakanaka, nekuzvidzora.² Apo patinoshanda kukudziridza hunhu uhwu, tichazoono kuti “kuzviisa pasi pechido chaBaba takazvininipisa kunounza kusimbiswa kwaMwari—simba rekuninipa. Isimba rekutarisana nematambudziko eupenyu, simba rerunyararo, simba retariro, simba remwoyo wakadzwa nerudo neuchapupu hweMuponesi Jesu Kristu, kunyange simba rerununuro.”³

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

Mateo 26:39; Johane 5:30;
Mosaya 3:19; Hiramani 3:35

Kubva muMagwaro Matsvene

Imwe yenguva dzakanakisisa uye dzine simba guru dzeushumiri hwaKristu yakanga iri apo paAka-shambidza tsoka dzevadzidzi Vake. “Akasimuka pakuraira, akabvisa nguvo dzake; akatora mucheka, akazvisunga chiuno. Mushure maizvozvo akadira mvura mumudzziyo, akatanga kushambidza tsoka

dzavadzidzi vake, akadzipukuta nomucheka waakanga akazvisunga nawo” (Johane 13:4–5).

Apo Muponesi paakasuma chisungo ichi, vadzidzi vake vangingova vakashaya zvekuita kuti Ishe uye Tenzi wavo akapfugama pamberi pavo uye akaita mushando wakaderera zvakadaro. Jesu akatsanangura zvidzidzo Zvaaida kuti ivo nesu tese tidzidze:

“Zvino kana Ini, Ishe noMudzidzisi ndakashambidza tsoka dzenyu; nemiwo munofanira kushambidzana tsoka dzenyu.

“Ndakakuratidzai makwara, kuti multe imi sezvandakakuitirai ini” (Johane 13:14–15).

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Richard C. Edgley, “The Empowerment of Humility,” *Liahona*, Mbudzi 2003, 99.
2. Ulisses Soares, “Be Meek and Lowly of Heart,” *Liahona*, Mbudzi. 2013, 9.
3. Richard C. Edgley, “The Empowerment of Humility,” 99.

Funga Izvi

Kuva nekuninipa kunokwanisa kutibatsira sei kuda sezvaiita Muponesi?